



### **Pouvwa enspiran art genyen**

#### **(The Uplifting Power of the Arts)**

Chè Nouyòkè,

Nou te asiste pèfòmans koral LaGuardia a nan biwo santral nou an semèn pase a pou selebre piblikasyon [Rapò anyèl art nan lekòl](#) nou yo—ak pou make kòmansman yon nouvo epòk pou edikasyon atistik nan lekòl leta Vil Nouyòk.

Art ede soulaje lespri epi ankouraje konpreyansyon ak apresyasyon lòt kilti. Yo ranfòse karaktè ki gen anpil valè tankou disiplin, pèseverans, konfyans nan tèt ou, ak kouraj pou pran risk. Etid montre elèv ki etidye art nan lekòl bay pi bon pèfòmans nan lekòl, redaksyon, ak matematik, prezans yo nan lekòl amelyore, epi yo devlope kapasite sosyo-emosyonèl esansyèl. Art ede timoun tou kominike pi byen, fè fas avèk chòk, ak fè pwogrè nan lekòl.

Se poutèt sa mwen kontan wè nan [rapò sa a](#) yon bon ogmantasyon nan kou art lekòl ofri soti nan klas 1ye ane rive nan 12yèm ane, jan sa te ye avan pandemi an. Anplis, plis pase 400 òganizasyon art kiltirèl bay elèv nou yo kou ansèyman art ane pase.

Mwen pran bon jan angajman pou ranfòse pwogram art nou an ki deja ap fè siksè, pandan n ap kreye nouvo inisyativ pou pote chanjman nan lavi timoun yo. Yon bon ezanp se nouvo [Arts Hub nou an](#), yon apwòch sanpresedan nan edikasyon atistik iben...ak yon fason ekstraòdinè pou konekte lekòl nou yo avèk cham ak bote art vil nou an.



*Tradiksyon disponib sou YouTube.*

Nou lanse Hub la prentan sa a, nan Waters Edge Campus ki nan [Urban Assembly School of Music and Art](#) nan Brooklyn. Hub la ofri pèfòmans klas mondyal pou enspire direktè yo pou entegre avantaj art nan lekòl nou yo. Hub la gen ladan tou yon opòtinite aprantisaj pwofesyonèl k ap pèmèt direktè yo kolabore, kreye, ak aprann ansanm—avèk objektif pou devlope bon jan kalite edikasyon art nan chak lekòl nou yo yon fason pozitif.

Mwen envite ou gade [videyo aktivite art nou an](#) epi apresye pèfòmans koral gospel la, ansanm avèk yon duo twonpèt pwofon ke Elijah, yon elèv nan Allen High School LaGuardia High School ak Paul Thompson ki se Direktè Egzekitif Biwo Art nou an te pèfòme.

Art enspire ak anrichi nanm nou—epi jwe yon wòl esansyèl nan yon edikasyon ki byen ekilibre. Vil nou an se sant kiltirèl mond lan, epi se sa ki fè li trè espesyal lè w ale nan yon lekòl Nouyòk. Nou pran angajman pou pote kapasite ankourajman art genyen ladan bay tout elèv nou yo.

Plane wo,

David C. Banks  
Chanselye

## Chante Alicia Keys! ... nan Queens Metropolitan High School



Pou tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

[Suiv nou sou Instagram](#) pou w ka konnen tout bèl bagay k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk!

Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resewva nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou soutit ki tradui: Klike sou icon "CC" a. Klike sou icon "Setting" lan epi chwazi "Subtitles / CC". Chwazi "Auto-translate" epi chwazi lang ou an.

Si w pa vle resewva mesaj imèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).